

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan dina Bab IV, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- a. Prosés diajar di Kelas éksperimen A anu ngalarapkeun aplikasi *Edmodo*, sakabéh siswa hadir, aktif tur bisa ngagunakeun aplikasi *Edmodo* (100%) sarta sakabéh siswa bisa ngaréngsékeun pancén nulis sajak (100%). Anapon prosés pangajaran di kelas éksperimen B anu ngalarapkeun aplikasi *Skype*, sakabéh siswa bisa *interaksi* jeung guru kalayan aktif ngaliwatan *video-conference*.
- b. Di kelas éksperimén A anu ngalarapkeun aplikasi *Edmodo* jeung kelas éksperimén B anu ngalarapkeun aplikasi *Skype*, tina jumlah siswa aya 60 urang anu ngawengku siswa lalaki 51 urang jeung siswa awéwé 9 urang. Skor anu kacangking panggedéna di kelas anu ngagunakeun *Edmodo* téh nyaéta 92, anapon skor anu pangleutikna 58. Skor kitu téh hasil itungan *mean* 76,48 anu standar deviasina 7,99. Kitu deui di kelas éksperimén B nu ngagunakeun aplikasi *Skype*, skor anu panggedéna 89, anapon skor anu pangleutikna nyaéta 50. Skor kitu téh tina hasil itungan *mean* 70,83 anu standar déviasina 10,65. Hartina, écés yén dilarapkeunana aplikasi *Edmodo* di kelas éksperimén A téh leuwih punjul ti batan kelas éksperimén B anu ngagunakeun aplikasi *Skype*. Katitén tina rata-rata peunteun kelas éksperimén A anu aya di luhureun KKM 75, sarta kelas éksperimén B anu rata-rata peunteunna aya di handapeun KKM 75. Selisih peunteun rata-rata antara kelas éksperimén A jeung B nyaéta 5,65.
- c. Dumasar uji sipat data, hasil uji normalitas data *post test* di kelas éksperimén A nétélakeun yén $X_{hitung} = 0,69 < X_{tabel} = 11,07$, hartina distribusi data *post test* di kelas anu ngagunakeun *Edmodo* nyaéta normal. Kitu deui di kelas éksperimén B anu ngagunakeun aplikasi *Skype* nétélakeun yén $X_{hitung} = 5,01 < X_{tabel} = 11,07$, hartina distribusi data *post test* normal. Kitu deui dina uji homogénitas. Dumasar hasil analisis kabukti yén data homogén. Ieu hal

katitén tina hasil uji homogenitas nyaéta $F_{hitung} = 1,33 < F_{tabel} = 1,94$, hartina distribusi data *post test* kaasup homogén.

- d. Dumasar uji hipotésis sakumaha hasil uji *t*, yén nilai $t_{hitung} = 7,19$, kalayan ngagunakeun $df = (n_1 + n_2) - 2 = (30+30)-2 = 58$ sarta taraf signifikansi 5% (0,05), katitén nilai $t_{tabel} = 2,004$. Kusabab $t_{hitung} \geq t_{tabel}$, atawa $7,19 \geq 2,004$, kukitua H_1 ditarima sarta H_0 ditolak. Kasimpulanana nyaéta média *e-learning* maké aplikasi *Edmodo* leuwih punjul ti batan aplikasi *Skype* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak siswa kelas XI SMKN 13 Bandung.
- e. Dumasar kana hasil angkét, nuduhkeun yén siswa anu ngarasa gampang jeung resep diajar nulis sajak maké aplikasi *Edmodo* proséntase-na teu jauh béda jeung aplikasi *Skype*.

5.2 Implikasi

Aplikasi *Edmodo* jeung *Skype* dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak. Dilarapkeunana ieu aplikasi *e-learning* téh harepanana mah sangkan ayana karesep katut kadariaan siswa dina diajar nulis sajak. Dumasar hasil panalungtikan, katangén aya poténsi tur sawangan anu hadé boh ti siswa boh ti guru kana dilarapkeunana *e-learning* aplikasi *Edmodo* jeung *Skype* dina pangajaran nulis sajak. Guru jeung siswa bisa ngalaksanakeun pangajaran jarak jauh di luar kelas sacara onlén. Kitu deui, ieu aplikasi *Edmodo* jeung *Skype* téh bisa ngalegaan tur ngawewegan kaweruh siswa dina widang téknologi.

Munasabah mun téa mah sacara teu langsung nuduhkeun yén pangajaran basa Sunda bisa diadumaniskeun jeung kamekaran téknologi, luyu jeung ungkara ngigelan tur ngigelkeun jaman. Kitu deui sacara teu langsung ngawada kana pamoyok pangajaran basa Sunda *kampung* jeung guruna *kurung batok*. Ku ayana aplikasi *Edmodo* jeung *Skype*, kanyataan kitu sakurang-kurangna bisa disingkahkeun.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kasimpulan tina hasil panalungtikan di luhur, aya sababaraha rékoméndasi pikeun siswa atawa pihak anu mibanda kapentingan. Anapon saran-saranna saperti kieu.

- a. Hasil panalungtikan nétélakeun yén aplikasi *Edmodo* leuwih punjul ti batan aplikasi *Skype* dina raraga ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak siswa. Ku kituna, aplikasi *Edmodo* jeung *Skype* dianggap bisa ngungkulan kawatesanana waktu diajar, guru atawa pihak sakola kudu bisa leuwih ngamangpaatkeun sarana jeung fasilitas anu nyampak, pon kitu deui dirékomédasikeun pikeun dijadikeun média alternatif dina pangajaran basa Sunda;
- b. Siswa sakuduna henteu gumantung ka guru salaku sumber diajar dina ngagunakeun média pangajaran boh anu maké aplikasi *Edmodo* atawa *Skype*, tapi siswa bisa néangan ti guru atawa siswa séjén ngaliwatan média internét. Ieu téh penting keur ngalegaan kaweruh siswa boh dina widang basa Sunda boh dina widang téknologi. Ku kituna, dirékomédasikeun kudu aya panalungtikan nu leuwih daria ngeunaan média pangajaran berbasis *e-learning* pikeun ngaronjatkeun hasil diajar basa Sunda;
- c. Dilarapkeunana aplikasi *Edmodo* jeung *Skype* dina pangajaran basa Sunda, tangtu wé kudu dirojong ku fasilitas atawa sarana prasarana di sakola. Lantaran aplikasi *Edmodo* jeung *Skype* ngabutuhkeun konéksi atawa jaringan internét. Kitu deui guru jeung siswa kudu parigel atawa tapis ngagunakeun internét, tangtu waé perlu ayana sosialisasi atawa pelatihan ka guru jeung siswa.